# *Buur Du Mbokk*

**Géwël:** Dégluleen, jàmm la! Buur woote na ca këram. Bu ñu jullee tàkkusaan ba noppi, na ko ñépp wuyusi. Wa salaam!

**Binta:** Aysa! Buur lan la wara woote?

**Aysatu:** Ee! Man de, moo ma jaaxal. Gis nga ni ñu toog fi, ñu ngi bëgg a guddee de, nañ' toog xaar rekk.

**Binta:** Léégi mu ñów de, nañ' toog xaar. Woote buur de, wuyuji doŋ moo ci war.

**Aysatu:** Aa! Nañ' toog, xam naa ne jàmm ak salaam rekk la war a doon.

**Buur:** Sàmba Xujja Njaay! Ñówal wuyusi ma.

**Sàmba Xujja:** Waaw buur!

**Buur:** *Est-ce que* xam nga ne, tey mooy sa mujjeelu dund si kaw suuf?

**Sàmba Xujja:** Ay buur! Lu waral loolu? Mbaa du démb bu ma lay indilsi sa reer, ñam bi tuuru ci sa yere moo waral nga ne danga may faat?

Buur! Lëggééy naa ak yow lu ëpp fanweeri at, buur mësuma jéggi yoon.

Buur! Seetal si loolu, nga jéggal ma.

**Buur:** Xanaa xamuloo ne, ñun buur amuñu kóllëre!

**Sàmba Xujja:** Waaw buur!

**Buur:** Suñuy waaw doŋ lañuy wéy.

**Aysatu:** Loolu dëgg la!

**Sàmba Xujja:** Buur! Buur, danga fàtte ne ma'ak sa wëyjur la woon. Sa wëyjur jóge fi, ma nekk fi ak yow. Buur seetal si loolu nga jéggal ma.

**Buur:** Xanaa danga réére mbir ne, ñun buur ci suñuy waaw doŋ lañuy wéy.

© Boston University

**Aysatu:** Dëgg la!

**Sàmba Xujja:** Réérewuma mbir sax, dañu daa' wax benn wax ma di ko weddi. Waaye, wax boobu, gëm naa ko tey jii.

Mooy wax ji ñu naan "buur du mbokk". Buur defal lu la sóób; loo def dina fekk may ajimuñ.

**Buur:** Jàllal ci biir, te nga xaar ma ñów taqarle sa bopp ak sa baat!